

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sababaraha daérah di Indonésia miboga aksara wewengkonna séwang-séwang. Ieu aksara téh minangka salasihiji idéntitas atawa cicirén wewengkonna séwang-séwang, malah béh dituna mah jadi cicirén pikeun hiji suku bangsa. Kitu deui di Jawa Barat, atawa leuwih jembarna mah tatar Sunda, miboga aksarana sorangan nu kasebut aksara Sunda. Aksara Sunda mangrupa hasil karya *ortografi* masarakat Sunda ngaliwatan lalakon sajarahna ti mimiti (kurang leuwih) abad ka-5 Maséhi nepi ka kiwari (Disbudpar & Disdik Jawa Barat, 2008, kc. 62). Ditilik tina ieu wangenan, aksara Sunda mangrupa budaya masarakat Sunda anu geus aya ti kurang leuwih 2.000 taun anu katukang. Ku cara diajar aksara Sunda, para ahli *paléograf* bisa narjamahkeun transkrip-transkrip kuna anu eusina ngeunaan sajarah, carita-carita ngeunaan luluhur, kahirupan masarakat sapopoé, jeung tata cara upacara-upacara adat.

Ku kituna, pamaréntah ngaluarkeun peraturan daérah pikeun ngamumulé jeung mekarkeun idéntitas Jawa Barat kana kabudayaanana. Salasihiji upaya nyaéta dina poé Salasa ping 21 Oktober 1997 di Aula Pusat Studi Bahasa Jepang (PSBJ) Kampus Fakultas Sastra Unpad Jatinangor, diayakeun Lokakarya Aksara Sunda minangka lajuning laku tina peraturan daérah Jawa Barat anu diluuhun ku rupa-rupa élémén masarakat. Ieu Lokakarya téh diayakeun dina raraga gawé bareng Pamaréntah Daérah Tingkat 1 Propinsi Jawa Barat jeung Fakultas Sastra Universitas Padjajaran.

Hasil tina gempunganana, di antarana (1) dumasar kana data sajarah, di Jawa Barat geus ngagunakeun tujuh aksara nyaéta *Pallawa*, *Pranagari*, *Sunda Kuno*, *Jawa (Carakan)*, *Arab (Pégon)*, *Cacarakan*, jeung *Latén*; (2) aksara Sunda mangrupa sistem ortografi hasil kréasi masarakat Jawa Barat nu ngawengku aksara jeung sistem aksara pikeun nuliskeun Basa Sunda; (3) aksara nu luyu jeung perda no. 6/1996 nyaéta jenis aksara nu katitén dipaké kénéh dina abad ka-14 Maséhi nepi ka abad 18 Maséhi nu disebut Aksara Sunda Kuno, nu disaluyuan pikeun dingaranan Aksara Sunda (Baidillah spk., 2008, kc. 62-64).

Tapi, dina kamekaranana, pamahaman masarakat Sunda ngeunaan idéntitasna ti taun ka taun beuki turun. Salasahiji cukang lantaranana nyaéta ku ayana pangaruh kamekaran téknologi. Balukarna masarakat Sunda lalaunan ninggalkeun kabiasaan sapopoéna tuluy pindah kana kabiasaan nu leuwih modérn. Aksara Sunda ogé pon kitu deui, saeutik-saeutik beuki ngurangan éksisténsina. Ieu aksara téh beuki langka digunakeun. Masarakat Sunda nu kaayeunakeun ngarasa yén aksara Sunda téh geus teu jaman, jadul atawa kuna, jeung geus teu diperlukeun deui.

Antukna ieu aksara Sunda ngan saukur jadi tulisan-tulisan nu euweuh ajén dina luhur keretas anu kakebulan. H.R. Hidayat Suryalaga, salasaurang budayawan Sunda, dina hiji kasempetan sacara lisan nétélakeun yén ngaleungitkeun sajarah hiji bangsa mangrupa usaha pikeun ngaleungitkeun éksisténsi éta bangsana ogé. Dina ieu hal, mangka mopohokeun bukti-bukti sajarah hiji bangsa mangrupa bagian tina léngkah ngaleungitkeun sajarah éta bangsa. Ku lantaran aksara Sunda mangrupa bagian tina bukti-bukti sajarah, mangka ngaraksa aksara Sunda jadi bagian tina ngaraksa sajarah suku bangsa nu miboga éta aksara, nyaéta Sunda (Disbudpar & Disdik Jawa Barat, 2008, kc. 24).

Tapi di sagigireun éta, loba ogé masarakat anu miboga kereteg tur narékahan pikeun ngamumulé ieu aksara Sunda, boh anu ditangtayungan ku lembaga pamaréntahan boh anu madeg mandiri (indepénden). Lembaga pamaréntahan anu nyekel ieu pancén nyaéta lembaga di sahandapeun Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat sarta Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat. Pamaréntah geus meunang bongbolong pikeun tetep mertahankeun aksara Sunda, salasahijina nyaéta ngaliwatan barudak, generasi tuturus bangsa. Ku alpukahna Dinas Pendidikan, barudak sakola diwajibkeun pikeun diajar aksara Sunda, dina pangajaran *muatan lokal* Basa Sunda. Ieu hal aya dina Perda Propinsi Jawa Barat No.5/2003 ngeunaan *Pelestarian, Pembinaan, dan Pengembangan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daérah*.

Dumasar *Kurikulum Merdeka* Basa Sunda 2022, aksara Sunda téh kaasup kana salasahiji matéri nu kudu diajarkeun di tingkat SMA/SMK sadarajat kelas X atawa fase E dina élemén nulis kalawan Capaian Pembelajaran (CP) ieu di handap.

Peserta didik mampu mengolah dan menyajikan informasi atau pesan (gagasan, pikiran, pandangan, atau arahan) untuk berbagai tujuan secara

logis, kritis, kreatif, dan benar dalam berbagai tipe teks tulis (fiksi dan nonfiksi) berbahasa Sunda sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. Peserta didik mampu menyajikan tulisan berbahasa Sunda sesuai kaidah dan konteks dalam media tulis, media cetak, atau media digital untuk tujuan tertentu sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. Peserta didik mampu mengalihwahkan dan mengkreasi satu teks ke teks lainnya dengan aksara Sunda atau bahasa yang berbeda sesuai kaidah dan konteks dalam media cetak atau elektronik untuk berbagai tujuan. (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2022, kc. 37-38).

Tapi dina émprona, ngajaga atawa ngamumulé basa Sunda téh kawilang hésé dilakukeunana. Komo deui ngeunaan aksara Sunda nu ceuk generasi kaayeunakeun mah cenah hésé pisan. Ieu hal bisa karandapan lantaran aya sababaraha pasualan-pasualan anu disanghareupan.

Nilik kana prosés pangajaran di sakola, dumasar kana panitén panalungtik, peserta didik nganggap yén diajar basa Sunda téh kawilang hésé. Lantaran aya sababaraha hal nu langka atawa béh dituna geus tara dilarapkeun di masarakat Sunda, saperti undak-usuk basa, aksara Sunda, jsté. Dina prak-prakanana, loba peserta didik nu karék apal kana aksara Sunda, antukna ngarasa yén diajar aksara Sunda téh hésé pisan. Kitu deui waktu diajar di kelas nu ngan saukur 2 x 45 menit dina samingguna. Ieu hal ogé anu ngabalukarkeun éksisténsi basa Sunda, utamana aksara Sunda, kurang dipikapaham.

Salian ti hal-hal di luhur, aya ogé sawatara pasualan nu karandapan nalika ngayakeun kagiatan pangajaran, hususna dina matéri aksara Sunda. Éta pasualan di antarana kurangna média atawa bahan ajar anu ngarojong prosés pangajaran di kelas, antukna peserta didik jadi hésé maham kana aksara Sunda. Di sagigireun éta hal, dina émprona ogé guru ngan saukur ngagunakeun métodeu jeung média nu basajan, antukna peserta didik téh ngarasa bosen.

Salasahiji tarékah pikeun ngungkulan pasualan-pasualan nu disebutkeun di luhur nyaéta kumaha cara basa Sunda (utamana aksara Sunda) bisa ngigelan jaman ku cara ngadumaniskeun tradisional jeung modérn, contona aksara Sunda dialih-médiakeun kana téknologi-téknologi nu luyu jeung katangtuan. Larapna téknologi dina pangajaran bisa mantuan guru dina nyiptakeun prosés diajar nu leuwih hadé, interaktif, sarta nyieun peserta didik leuwih kataji, teu bosen, jeung bisa diajar di mana waé ogé iraha waé nu teu kawatesanan ku waktu.

Média pangajaran nyaéta hiji hal nu digunakeun salaku panghubung ti guru ka peserta didik nu miboga tujuan pikeun ngastimulus sangkan kamotivasian sarta bisa nuturkeun prosés pangajaran sacara gembleng jeung aya ma'nana (Hasan spk., 2021, kc. 29). Média pangajaran téh miboga fungsi jeung kalungguhan nu penting dina proses diajar. Fungsi média dina pangajaran, salian ti ngabantuan guru keur ngajar, ogé salaku média nu mawa informasi pangajaran saluyu jeung kabutuhan peserta didik (Susilana & Riyana, 2018, kc. 9).

Média pangajaran dina prosés diajar bisa numuwuhkeun kahayang jeung minat anyar, numuwuhkeun motivasi jeung rangsangan dina kagiatan diajar, sarta bisa ogé mawa pangaruh-pengaruh psikologis ka peserta didik (Hamalik dina Nurfadhillah, 2021, kc. 43-44). Ngagunakeun média pangajaran bisa ngabantu kaaktifan dina prosés pangajaran jeung ngabantu nepikeun informasi sarta eusi dina matéri aksara Sunda. Média pangajaran ogé mawa tur ngahudang rasa bagja, sumanget, jeung gumbira pikeun peserta didik dina diajar, ngabantuan pikeun bvvngnambahan pangaweruh, sarta ngahirupkeun prosés diajar. Salian ti éta, mangpaat média pangajaran pikeun guru nyaéta méré padoman dina ngahontal tujuan pangajaran nepi ka bisa medar matéri pangajaran kalawan sistematis jeung ngabantu dina midangkeun matéri nu ngirut pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran (Nurfadhillah, 2021, kc. 47).

Tina pasualan-pasualan nu disebutkeun di luhur, panalungtik miboga maksud pikeun ngalakukeun *pengembangan* média pangajaran aksara Sunda nu wangunna aplikasi digital. Panalungtik ngararancang nepi ka ngahasilkeun média Paraksun tina analisis kabutuhan ka peserta didik jeung guru. Média Paraksun téh singgetan tina “parigel aksara Sunda”. Anapon ieu média pangajaran téh kaasup kana jenis klasifikasi média kelompok katujuh, nyaéta multi média. Nurutkeun Susilana & Riyana (2018, kc. 22), multi média mangrupa hiji sistem nepikeun hiji hal ngagunakeun rupa-rupa jenis bahan ajar nu ngahasilkeun hiji unit atawa pakét. Eusina bisa campuran antara téks, grafik, animasi, sora, jeung vidéo (Arsyad, 2017, kc. 162). *Pengembangan* média Paraksun téh dijieun tina rupa-rupa bahan nu interaktif, aya téks aksara sunda, animasi, sora, jsté.

Réa panalungtikan nu kungsi dilakukeun pikeun ngararancang média pangajaran, di antarana ku: (1) Agus Puji Prasetyo (2022) nu judulna

“Pengembangan Game Edukasi Berbasis Android sebagai Media Pembelajaran Simulasi Teknisi Jaringan di SMK”. Hasilna yén produk *game edukasi* simulasi téknisi jaringan kalawan ngutamakeun aspék *edukasi* jeung mangpaatna cocog digunakeun pikeun média pangajaran tina hasil uji *alpha* jeung *beta*; (2) Gina Anannata (2022) anu judulna “Pengembangan Konten Pembelajaran Berbasis Video Animasi Cerita Fiksi Pemrograman Dasar untuk Meningkatkan Kemampuan Kognitif Siswa Kela X SMK”. Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta kontén nu dimekarkeun téh layak digunakeun kalawan skor rata-rata 4 nu hartina hadé pisan dumasar validasi ahli média, kontén nu dimekarkeun téh bisa ngaronjatkeun kamampuh kognitif peserta didik, sarta peserta didik méré sawangan nu positif dina ngagunakeun kontén pangajaran kalawan rata-rata perséntasena 90% tur kaasup kana katégori hadé pisan; (3) Yusa Isna Rajabiah (2022) judulna ngeunaan “Pengembangan Media *Pop-Up Book* pada Pembelajaran Tematik untuk Meningkatkan Motivasi Belajar Siswa di Kelas III Sekolah Dasar”. Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta média *Pop-Up Book* dina pangajaran tématic bisa ngaronjatkeun motivasi diajar peserta didik dumasar kana hasil validasi ti praktisi pangajaran jeung angkét motivasi diajar sarta uji coba ka peserta didik anu kaasup kana kategori hadé.

Sanajan geus réa panalungtikan ngeunaan *pengembangan* média pangajaran, tapi ieu panalungtikan téh kawilang béda sabab média pangajaranana can kungsi ditalungtik, lantaran panalungtik ngararancang deui aplikasi dumasar kana hasil analisis kabutuhan. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dirasa perlu dilaksanakeun kalawan dijudulan “*Pengembangan Média Paraksun dina Pangajaran Aksara Sunda di SMA Sadarajat*”.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang pasualan di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta ku ayana kamekaran téknologi jeung kabudayaan, basa Sunda (utamana aksara Sunda) beuki kagusur ku jaman. Peserta didik kurang kairut kana pangajaran aksara Sunda lantaran dianggap hésé, katinggaleun jaman atawa kuna, sarta kurangna média pangajaran aksara Sunda pikeun ngarojong pangajaran nu

leuwih ngirut tur nyieun peserta didik leuwih sumanget dina diajarna. Ku kituna, pikeun ngungkulan ieu pasualan perlu ayana média nu ngarojong kana prosés pangajaran aksara Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi jeung watesan pasualan di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya saperti kieu:

- 1) Kumaha bangbaluh sarta kabutuh peserta didik jeung guru ngeunaan média pangrojong pangajaran aksara Sunda?
- 2) Kumaha rarancang jeung cara ngahasilkeun média Paraksun dina pangajaran aksara Sunda?
- 3) Kumaha cocog-henteuna média Paraksun nu dijieun dumasar kana uji *validasi* ahli?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum jeung sacara husus nyaéta ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun rarancang jeung ngahasilkeun média Paraksun nu ngarojong kana prosés diajar aksara Sunda di SMA sadarajat anu geus di-*validasi* ku ahli.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) bangbaluh sarta kabutuhan peserta didik jeung guru ngeunaan média pangajaran nu ngarojong pangajaran aksara Sunda;
- 2) rarancang jeung cara ngahasilkeun média Paraksun pikeun pangajaran aksara Sunda; jeung
- 3) cocog-henteuna média Paraksun nu dijieun dumasar kana *validasi* ahli.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nyaéta mangpaat sacara tioritis jeung sacara praktis, anapon pertélaanana ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun mekarkeun konsép tiori aksara Sunda utamana média pangajaran nu ngarojong pangajaran aksara Sunda. Salian ti éta, bisa ogé dijadikeun bahan référénsi pikeun mekarkeun pangaweruh, salaku bahan atawa sumber titincakan panalungtikan nu bakal datang, utamana ngeunaan rarancang média pangajaran dina pangajaran aksara Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat di antarana pikeun:

- 1) Peserta didik, bisa dijadikeun alternatif média pangajaran nu matak ngirut jeung teu pikaboseneun;
- 2) Guru, bisa dijadikeun salasihiji stratégi pikeun ngungkulan pasualan dina diajar aksara Sunda;
- 3) Mahasiswa, jadi titincakan dina ngalaksanakeun pancén kuliah nu aya patalina jeung média pangajaran; jeung
- 4) Panalungtik, mampuh mekarkeun paélman dina widang pangajaran sarta pikeun jadi dadasar dina ngalaksanakeun panalungtikan saterusna.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan nyaéta raraga dina nyusun skripsi ti bab mimiti nepi ka bab ahir kalawan tartib. Raraga tulisan anu baris dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

Bab I Bubuka, dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, dina ieu bab dipedar tiori-tiori nu digunakeun nyaéta *pengembangan* média pangajaran, média Paraksun, jeung aksara Sunda. Salian ti éta, dina ieu bab ogé dipedar sababaraha panalungtikan saméméhna anu aya patalina kana panalungtikan nu baris dilakukeun sarta raraga tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Sarta baris dipedar ngeunaan raraga mikir dina ieu panalungtikan.

Bab III Métoeu Panalungtikan, dina ieu bab eusina ngawengku désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulken data, instrumén panalungtikan, jeung téknik ngolah data.

Ratnasari, 2024

PENGEMBANGAN MÉDIA PARAKSUN DINA PANGAJARAN AKSARA SUNDA DI SMA SADARAJAT
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab IV Pedaran jeung Hasil Panalungtikan, dina ieu bab baris didéskrripsikeun hasil panalungtikan ngeunaan *Pengembangan Média Paraksun* dina Pangajaran Aksara Sunda di SMA Sadarajat.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, dina ieu bab eusina ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi kana ieu panalungtikan.